



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB AK SÈVIS SIPÒ KI KOUTE 9.7 MILYON DOLA NAN KONTE ONTARIO

Ilyèm Faz Happiness House Apartments lan ofri 30 kay pou fanmi, granmoun aje ak fwaye ki nan sityasyon sanzabri yo nan Vil Canandaigua

*Nouvo apatman yo fè pati Plan Lojman Abòdab san parèy, 20 milya dola sou senkan Gouvènè Cuomo a*

*Investisman an ap konpleman inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse achèvmant Ilyèm Faz Happiness House Apartments lan, ki se yon devlopman lojman abòdab ak sèvis sipò ki koute 9.7 milyon dola nan vil Canandaigua, Konte Ontario. Konplèks la ofri 30 kay nan pri abòdab pou moun endividyèl, fanmi ak granmoun aje, avèk nèf (9) apatman ki rezève pou moun ki te sanzabri avan yo. Ilyèm Faz Happiness House Apartments lan fè pati plan lojman abòdab san parèy, 20 milya dola sou senkan Gouvènè Cuomo a pou ofri Nouyòkè yo aksè a lojman sekirite, ki nan pri abòdab gras a konstriksyon ak prezèvasyon plis pase 100,000 inite lojman abòdab ak 6,000 inite lojman ki gen sèvis sipò. Devlopman an ap plis devlope estrateji global Gouvènè a genyen pou l revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an toupatou nan eta a. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te envesti 639 milyon dola nan reyon Finger Lakes la pou kreye oswa prezève anviwon 7,700 lojman abòdab.

"New York te fè plizyè investisman san parèy pou kreye inite lojman abòdab ak sèvis sipò nan kat kwen eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo devlopman sa a pral ofri rezidan yo ki elijib nan Konte Ontario a lojman sekirite ak aksè a sèvis sipò esansyèl yo epi plis ranfòse efò n ap fè pou n konbat pwoblèm sanzabri a ak kreye yon Empire State ki pi an sekirite ak pi djanm pou tout moun."

"Tout Nouyòkè merite gen yon twati sou tèt yo ak ladesans yon bon kay", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Gras a investisman nou fè nan Happiness House Apartments nan Canandaigua, n ap ede yon lòt 30 fanmi, granmoun aje ak moun endividyèl k ap konfwonte sityasyon sanzabri yo jwenn yon kote san danje ki an sekirite pou yo rete. Pandan n ap batay kont pandemi sa a, Eta New York rete angaje pou konbat pwoblèm sanzabri an ak bay sèvis sipò pou Nouyòkè ki nan bezwen yo".

Ilyèm Faz Happiness House Apartments lan gen yon bilding de (2) etaj ki gen 22 apatman ak yon bilding yon etaj ki gen uit (8) apatman estidyo ki fèt prezizeman pou granmoun aje ki gen 55 an oswa plis. Tout apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 50 pousan nan revni medyan zòn lan oswa pi piti ke sa. Senk (5) nan apatman ki nan pi gwo bilding lan ak kat (4) nan apatman estidyo pou granmoun aje yo pral resevwa sibvansyon lwaye ak sèvis sipò y ap finanse pa mwayen Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) Gouvènè Cuomo a, ke Biwo pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASS) Eta New York la ap jere.

Rezidan yo pral gen aksè a yon bann seri sèvis sipò sosyal ki sou plas oswa aleksteryè baze sou bezwen yo ak elijiblite yo. Sa a gen ladan konsèy sikolojik ak sèvis retablisman pou sila ki gen istwa abi sibstans yo; sipò endividyèl ak an gwoup pou rezidan ki pi aje yo pou favorize konpetans memwa yo; sipò pou mobilite ak sipò sosyal ki santre sou sante ak byennèt; sèvis lajounen ak konsèy sikolojik pou dèy pou lokatè ki kalifye yo.

Yo konsevwa bilding yo pou yo satisfè estanda bilding Kominote Ekolojik Enterprise la (Enterprise Green Communities). Chak apatman gen klimatizasyon santral ak aparèy menaje Energy Star. Ilyèm Faz Happiness House Apartments lan chita toupre magazen, sèvis komèsyal, yon pak minisipal, restoran ak lòt komodite. Gen yon arè otobis transpò piblik sou pwopriyete a.

Devlopè ak founisè sèvis la se Happiness House, ke yo konnen sou non kòporasyon li kòm Finger Lakes United Cerebral Palsy, Inc.

Finansman Eta a bay Ilyèm Faz Happiness House Apartments lan gen ladan Kredi Enpo federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) ki te jenere prèske 5.6 milyon dola nan fon pwòp plis 1.1 milyon dola sibvansyon HCR te bay. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la te bay 2 milyon dola atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) li a. Yo te resevwa plis finansman ankò nan men Otorite Rechèch ak Devlopman pou Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, Fondasyon Golisano a (The Golisano Foundation) ak Federal Home Loan Bank.

Eta New York te deja bay finansman avan pou lye Faz Happiness House Apartments lan, ki se yon devlopman lojman sipò abòdab ki gen 20 apatman ladan ki sitiye akote Ilyèm Faz la sou Happiness House Boulevard. Premye faz la te ouvri an 2014.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare,** "Gouvènè Cuomo te angaje anpil resous san parèy pou redui sanzabri gras a konstriksyon lojman sipò nan chak rejyon eta a. Gras a Ilyèm Faz Happiness House Apartments lan, n ap ofri 30 nouvo kay tounèf, nan pri abòdab ki itilize enèji nan fason efikas avèk aksè a sèvis sosyal, swen sante ak konsèy sikolojik sou plas. Investisman eta ap fè nan devlopman 9.7 milyon dola sa a pral benefisyè Canandaigua pou anpil ane k ap vini ankò epi l ap ede

rezidan yo pwospere nan nouvo kay yo".

**Komisè OTDA, Mike Hein te deklare,** "Nou pran angajman pou n asire Nouyòkè yo gen aksè a lojman sekirite, estab - espesyalman sila yo ki pami popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Happiness House Apartments pral ofri sipò ak resous granmoun aje yo ki nan sitiyoasyon sanzabri yo ka depann de yo pou yo idantifye ak reponn a faktè ki kontribiye nan enstabilite lojman yo. Ansanm ak sant resous pou lavi ki la deja, apatman sa yo reprezante yon nouvo espwa pou rezidan Konte Ontario yo ki fè fas a ensekirite lojman epi se yon atou fenomenal pou tout Rejyon Finger Lakes la nèt".

**Komisè OASAS, Arlene González-Sánchez, te di,** "Nouvo devlopman lojman sa a pral pèmèt moun nan Konte Ontario yo viv nan yon anviwònman sekirite, kote yo jwenn sèvis sipò pandan y ap chache rekonstwi lavi yo anba adiksyon. Yon kote san danje pou yo viv se youn nan bagay ki pi enpòtan nou ka bay moun maladi sa a afekte yo, epi OASAS pran angajman pou l fè sa vin yon reyalite pou moun yo toupatou nan Eta New York. Nou pa ka tann pou avantaj sa a pral pote pou moun yo nan rejyon Finger Lakes la".

**Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Ofri rezidan ki pi vilnerab nou yo aksè a lojman sekirite, nan pri abòdab ki itilize enèji nan fason efikas se yon pwèn santral nan kad objektif Gouvènè Cuomo genyen pou l konte tout Nouyòkè yo nan tranzisyon Eta a yon ekonomi enèji pwòp. Nou fyè pou n soutni Happiness House Apartments epi nou felisite yo pou apwòch vizyonè yo pran pou ofri fanmi, granmoun aje yo ak sila ki nan bezwen nan kominote yo a yon devlopman sipò ki ofri tout sèvis yo sou plas".

**Senatè Pam Helming te deklare,** "Lojman ki nan pri abòdab se yon eleman esansyèl nan yon kominote ki djanm. Felisitasyon a Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Mary Boatfield ak tout ekip Happiness House la nèt pou achèvmman pwojè sa a, ki se yon atou konsiderab pou kominote Canandaigua ak rejyon Finger Lakes la. Mèsi Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la ak tout moun ki konsène yo paske nou rann pwojè sa a vin reyalite".

**Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare,** "Fòs kominote nou an plis ranfòse fòs fanmi nou yo. Devlopman an pral ofri nouvo opsyon lojman abòdab enpòtan pou sila ki gen andikap, fanmi k ap travay yo ak granmoun aje nou yo. Renouvèlman Kay ak Kominote New York se yon patnè fòmidad epi li vrèman fòmidad pou n wè travay di ekip Happiness House la ak HCR rive pote fwi jodi a".

**Prezidan Konte Ontario a Jack Marren te deklare,** "Konte Ontario ak Vil Canandaigua gen anpil chans pou yo make achèvmman Ilyèm Faz Happiness House la epi paske yo kapab ofri opsyon lojman abòdab moun byen bezwen. Apatman yo rezève pou moun endividyèl ki sanzabri yo pral ede abòde bezwen ki gen deplizanpli epi mwen fyè paske nou genyen opsyon sa a disponib nan Konte Ontario. Kolaborasyon ak patenarya ki te rive fè yo reyalize Ilyèm Faz la merite anpil elòj pou efò yo te fè yo."

**Sipèvizè Canandaigua a, Cathy Menikotz te deklare,** "Òganizasyon Happiness House la te vrèman ede anpil moun nan zòn nou an pandan anpil ane ki gen ladan kèk nan moun ki enpòtan anpil nan pwòp lavi pa m. Angajman inebranlab yo pran pou sèvi manm sa yo nan kominote nou an ki nan plis bezwen yo vrèman admirab epi se yon vrè leson imilite. Mwen vle remèsye Happiness House onon Vil Canandaigua paske yo chwazi kominote Canandaigua pou pwojè sa a epi mwen vle remèsye Eta New York paske l'ede ide sa a vin yon reyalyte".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Happiness House la, Mary Boatfield te deklare,** "Misyon Happiness House se pou n'oufri lojman sekiritè ki nan pri abòdab pou sila ki nan bezwen nan kominote nou yo. Nou vrèman gen anpil chans pou n'te kolabore ak eta nou an ak patnè kominotè nou yo nan kad devlopman plizyè anviwònman fizik ak sosyal k'ap ankouraje byennèt global pou tout moun k'ap viv nan rejyon nou an".

### **Akselasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a antre nan kad "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi ane 2012, Eta a te deja investi plis pase 8 milya dola nan rejyon an pou etabli fondasyon pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Finansman sa a te ankouraje biznis prive pou yo investi byen plis pase 2.5 milya dola nan efò a, ke yo prevwa k'ap kreye plis pase 8,000 djòb nan rejyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)